



"Preparing high school ready, college-bound students."

**Deirdre A. Benka-Coker, Principal**

1602 S. 27<sup>th</sup> Avenue

Hollywood, FL 33020

Phone: 754-323-3400 Fax: 754-323-3485

<http://mcnicol.browardschools.com>

8/13/2021

Pou Paran ak/oswa Responsab,

Lejislasyon ki pase toudènyèman ekzije tout lekòl-yo obsève yon moman silans okonmansman chak jounen lekòl. Chak klas va patisipe nan yon moman silans diran premye peryòd la. Moman silans va dire yon minit; chak elèv dwe obsève moman silans, pa deranje lòt elèv epi respekte dwa patisipasyon yo. Pwofesè pa ka konseye elèv-yo sou jan pou yo itilize tan refleksyon ak moman silans. Sepandan, nou ankouraje paran/responsab pale ak pitit li sou moman silans epitou ba-li bonjan konsèy sou jan li ka itilize kòm sadwa moman an.

Lejislasyon an deklare "se tan yon sosyete mouvman kote sèl yon ti kantite moun fè espèryans yon moman silans ak refleksyon anvan yo plonje san okenn ezitasyon nan aktivite lavi toulejou. Lejislati la kwè jenn-yo va pwofite si yo ba-yo yon moman silans nan konmansman chak jou lekòl."

Pa jennen kontakte mwen nan nimewo 754-323-3400, si ou gen kesyon sou moman silans.

Avèk respè,

Deirdre A. Benka-Coker  
Principal  
McNicol Middle School